# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–06 अक्टूबर 2025 भोजपुरी समाचार

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु दुइ दिन के दौरा पर बनारस पहुंचलें। उहां के अन्नपूर्णा ऋषिकुल ब्रह्मचर्याश्रम संस्कृत महाविद्यालय क चउदहवां सस्त्रांत के मौका पर विद्यार्थियन के सिलाई मसीनि, लैपटॉप अउर प्रमाण पत्र बंटलीं। अपने सम्बोधन में मुख्यमंत्री कहलें कि प्रदेस सरकार संस्कृत में बिसिस्ट सोध अउर उच्च अध्ययन करे वाले विद्यार्थियन बदे एगो बिसिस्ट ओजीफा जारी करे जा रहलि हौ।

**आने वाले समय में संस्कृत ही दुनिया की जोड़ने वाली भाषा बनेगी, याद रखना संस्कृत के बिना किसी का काम चलेगा नहीं। और इसीलिए हम लोगों ने उत्तर प्रदेश में इस बात के लिए व्यवस्था बनाई। मुझे याद है संस्कृत के बच्चों के लिए स्कॉरशिप होनी चाहिए, कोई स्कॉलरशिप नहीं थी। मुझे प्रसन्नता है कि हम लोगों ने संस्कृत पढ़ने वाले हर छात्र के लिए स्कॉलरशिप जारी की है। और अभी आने वाले समय में हम यह भी व्यवस्था करने जा रहे हैं कि संस्कृत पढ़ने वाले छात्रों के लिए रहने की व्यवस्था के लिए और खाने की व्यवस्था के लिए भी सरकार उसमें योगदान देगी।**

मुख्यमंत्री 'स्वच्छता ही सेवा पखवाड़ा' के तहत बनारस में आयोजित स्वच्छता मित्र सम्मान समारोहो में हिस्सा लिहलें। येह मौका पर उहां के कहलीं कि आवे वाला समय में स्वच्छता करमियन के खाता में सोझे सोरह से बीस हजार रूपिया भेजल जाई। मुख्यमंत्री कहलें कि सरकार स्वच्छता करमियन के आयुष्मान भारत योजना क लाभ दिहले क तइयारी कइ रहलि हौ।

**हम लोग यह भी व्यवस्था बनाने जा रहे हैं कि सभी स्वच्छताकर्मियों को, स्वच्छता मित्रों को हम लोग पांच लाख रुपये का आयुष्मान भारत के कार्ड की स्वास्थ्य की सुविधा भी उपलब्ध कराने जा रहे हैं।**

**********

निर्वाचन आयोग दुइ फेरा में बिहार चुनाव क घोसणा कइ दिहले हौ। पहिला फेरा में एक सौ एक्कइस सीटिनि बदे छौ नवम्बर के चुनाव होई जबकि दुसरका फेरा में एक सौ बाइस सीटिनि पर इग्यारह नवम्बर के ओट डारल जाई। ओटे क गिनती चउदह नवम्बर के होई।

**********

केन्द्र सरकार सज्जो राज्यन अउर केन्द्रसासित प्रदेसन के कफ सिरप क विवेक से उपयोग सुनिस्चित करे के कहले हौ। केन्द्र कहले हवे कि सामान्य खांसी बदे कउनों अलगि दवाई क जरूरति नाहीं होला, ई अपने आपे ठीक हो जाला। एगो रिपोर्ट–

**संदूषित कफ सिरप से हाल में बच्चों की मौत की घटनाओं को देखते हुए स्वास्थ्य और परिवार कल्याण मंत्रालय ने केन्द्रीय स्वास्थ्य सचिव पुण्य सलिला श्रीवास्तव की अध्यक्षता में सभी राज्यों और केन्द्रशासित प्रदेशों की उच्च–स्तरीय बैठक बुलाई। बैठक में औषधि गुणवत्ता विनियमों के अनुपालन की समीक्षा की गई और विशेष रूप से बच्चों में कफ सिरप के विवेकसम्मत उपयोग पर जोर दिया गया। इससे पहले, केन्द्रीय स्वास्थ्य मंत्री जगत प्रसाद नड्डा ने इस मुद्दे की समीक्षा की थी और आवश्यक कार्रवाई सुनिश्चित करने के लिए राज्यों और केन्द्रशासित प्रदेशों के साथ इस मुद्दे पर विचार–विमर्श का निर्देश दिया था। अनुपम की रिपोर्ट के साथ समाचार कक्ष से संस्कार पाठक।**

प्रदेस क उप मुख्यमंत्री ब्रजेश पाठक कहले हवें कि देस में जवने कफ सिरप के ले के चरचा चलि रहलि हौ ओहके प्रदेस सरकार रोकि लगा दिहले बा। लखनऊ में पत्रकार लोगिन से बतियावत उप मुख्यमंत्री बतवलें कि कउनों दवाई जवन मानक के खिलाफ हवे, ओके प्रदेस में अनुमति नाहीं दीहल गइल हौ।

**********

राज्यपाल आनंदी बेन पटेल आजु जौनपुर के पूर्वांचल विश्वविद्यालय क ओन्तीसवां दीक्षांत समारोह में हिस्सा लिहलिनि। येह मौका पर उहां के ओन्यासी विद्यार्थियन के अस्सी गो स्वर्ण पदक दिहलीं। राज्यपाल विश्वविद्यालय में सोध करे वालन के पीएचडी आ डी–लिट क उपाधियो सउंपलिनि।

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के ओरि से घोसित अउर बाइस सितम्बर से सुरू भइल जीएसटी बचत उत्सव समाज के हर वर्ग के लोगिन के लाभ पहुंचा रहल हौ। एगो रिपोर्ट–

***जीएसटी दर बारह फीसदी से घटा के पांच फीसदी कइले से बसोहली चित्रकला ढेरे किफाइती हो गइल हौ, जेहसे एकर मांग के बढ़ावा मिली। ओहीं, पचहत्तर सौ रूपिया तक क प्रवास बदे पर्यटन अउर होटल सुल्क पर जीएसटी दर बारह फीसदी से घटा के पांच फीसदी कइ दीहल गइल बा। जम्मू–कश्मीर में हस्तसिल्प, कृषि उत्पादन, पर्यटन अउर ओइजा के उत्पादन पर जीएसटी दर बारह फीसदी से घटा के पांच फीसदी भइले से, ओइजा के उद्योगन के प्रतिस्परधा बनवले में ढेरे मददि मिलि रहल हौ। आकाशवाणी दिल्ली से नीतिका गुप्ता के रिपोर्ट के साथे समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।***

**********

बिहने प्रदेस भर में वाल्मीकि जयंती मनावल जाई। राज्य सरकार येह मौका पर जिला, तहसीलि अउर बलाक स्तरो पर आयोजन कइले क निरदेस दिहले हौ। येह दौरान महर्षी वाल्मीकि क तपोस्थली चित्रकूट जिला के लालापुर में बड़हन आयोजन करवलहू क निरदेस बा। सरकार की ओरि से बिहने सार्वजनिक छुट्टी घोसित कइल गइल बा।

**********

मौसम विभाग आजु अउर बिहने पूरबी उत्तर प्रदेस में कहीं–कहीं गरज–चमकि के साथे बौछार परले अउर बरखा भइले क सम्भावना जतवले हौ। विभाग येह दौरान येह इलाका में कहीं–कहीं बिजुलियो गिरले क चेतावनी जारी कइले बा।

**********